# TEATR KÓRKEM ÓNERI DÓRETIWSHILERI LABORATORIYASÍN ÚYRENIW

**Qalbaev Aleuatdin** - assistent oqıtıwshı
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*
**Omarova Anar**- assistent oqıtıwshı
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı

**Tayanch so'zlar:** musiqa, spektakl, opera, balet, teatr, saxna, asboblar, san'at, ijodkor, an'anaviy, aktyor, repertuar, xoreografiya, vokal.

**Ключевые слова:** музыка, спектакль, опера, балет, театр, сцена, инструменты, искусство, творчество, традиционное, актер, репертуар, хореография, вокал.

**Key words:** Music, performance, opera, ballet, theater, stage, instruments, art, creativity, traditional, actor, repertoire, choreography, vocals.

Teatr - bul xalıqqa úlgi bolatuǵın ullı dárgay. Bunda jámiyette bolıp atırǵan waqıyalardıń, hádiyselerdiń barlıǵı teatr ónerinde óz izin qaldıradı hám úlken áhmiyetke iye. Teatr (grekshe thatron - tiykarǵı mánisi - tamasha ushın jay, keyininen - tamasha, themonadan - kórmek, kórıw) - túrli kórkem óner túrleri (ádebiyat, muzıka, xoreografiya, vokal, súwretleytuǵın kórkem óner hám basqalar) hám ayrıqsha ózgeshelikke iye: haqıyqatlıqtı, qarama-qarsılıqlardı, personajlardı sáwlelendiriw, sonıń menen birge olardı aytıw hám bahalaw, bul jerde málim ideyalardı tastıyıqlaw dramalıq háreket, tiykarǵı atqarıwshı aktyor bolıp tabıladı.

"Teatr" dıń ulıwma túsinigi onıń hár qıylı túrleri hám formaların óz ishine aladı: drama teatrı, opera, balet, quwırshaq teatrı, pantomima teatrı hám basqalar. Dúnyada qansha xalıqlar hám milletler bolsa olardıń hárbiriniń ózine tán basıp ótken tariyxı bar. Sol tariyxıy waqıyalar tásiriniń nátiyjesinde qáliplesip rawajlanǵan muzıka mádeniyatı hám kórkem óneri boladı. Solar qatarında qaraqalpaq xalqınıń ásirler dawamında qáliplesip, atadan-balaǵa shınjırma-shınjır ótip kiyatırǵan xalıq awızeki dóretpeleri bolǵan milliy dástúrleri menen úrp-ádetleri, toy-tamashalarınıń ótkeriw máresimleri, qız-jigitlerdiń geshtektegi házil-dálkek aytısları, xalıq oyınları sózimizge mısal bola aladı. Joqarıda aytıp ótilgen bul mádeniy miyraslarımızdı biz xalqımız arasında dástúrge aylanıp ketken: "quda túsiw", "kúyew keldi", "qız uzatıw", "kórimlik", "bet ashar", "besik toy", "tusaw kesiw" máresimlerinde kóriwimizge boladı, bul dástúrlerimizdi jıraw hám baqsılarımız sheber aktyorlıq penen atqarǵanlıǵı sol dáwirden baslap-aq, xalqımızdıń haqıyqıy teatrlasqan tamashalarınıń dáslepki saǵaları bolǵanınan derek beredi. 1918-jıl húkimet tárepinen «Teatr bólimin dúziw haqqında» arnawlı qararınan keyin elimizde teatr ónerin qáliplestiriwge úlken itibar berilip, respublikamızdıń barlıq orınlarında hár qıylı mádeniy-aǵartıw isleri menen shuǵıllanıwshı mákemelerin shólkemlestiriw, xalıqqa tamasha beriwde dóretiwshi insanlardıń shólkemlestiriliwi menen teatr koncert toparların dúziw isleri bir qatar saplastırıldı. Sonıń menen birge mádeniy aǵartıw isleriniń shólkemlestiriliwi Tórtkúl qalasınan baslanadı. 1919-jılı Tórtkúlde dóretiwshi insanlardıń birigiwi menen muzıkalı-drama jámáátiniń Qaraqalpaqstan bólimi ashıladı, bul shólkem óz jámáátine qońsı rayonlardan háweskerler toparların da óz jumısına tarta basladı. Bul shólkem jámáátiniń reje hám wazıypasında usı teatr háweskerlik dógereklerin birlestiriw, olarǵa basshılıq etiw, qalalarda tólemli spektakller qoyıw, koncertler, oyın-zawıq keshelerin ótkerip turıw, sonday-aq, Oraylıq qalalardan qánige teatrlar hám cirk toparların shaqırıw sıyaqlı isler orın alǵan. 1920 – jıllardıń ortalarınan baslap qaraqalpaq eli arasında «Teatr», «Teatr truppası» - degen atama sózler xalıq turmısında payda bola basladı. Ázelden óziniń milliy dástúrinde teatr óneri bolmaǵan xalıqlarda evropa úlgisindegi teatrlar sol jıllardan baslap ashılıp, dóretiwshilik jumıslar milliy tilinde alıp barıla baslaydı. Bul jańa baslamalar xalıqtıń teatr ónerine bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıp, onıń rawajlanıwına óziniń unamlı tásirin tiygizdi. Tórtkúl pedagogika texnikumınıń tábiyattanıw oqıtıwshısı Zárip Fatixovich Kasımov 1925-jıldıń basında texnikum oqıwshılarınan qaraqalpaq milliy truppasın shólkemlestiredi. Bul dógerek dáslep 13 talantlı jaslardan ibarat boldı. 1925-jıldın 3-maydaǵı buyrıǵı menen Z.F.Qasımov qaraqalpaq milliy truppasınıń kórkemlik basshısı bolıp tayınlanadı. Z.F.Qasımov 1924-1925-jıllar oqıw máwsiminde pedagogikalıq texnikum oqıwshılarınan qaraqalpaq milliy teatr truppasın birinshi ret shólkemlestirgen, házirgi qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınıń tiykarın salıwshılardıń biri bolıp esaplanadı. «Tań nurı» truppasınıń qáliplesiwi, oǵan jergilikli talantlı jaslardı jámlestiriwde, truppa repertuarın dáslep qazaq, tatar, ózbek dramaturglarınıń, sońın ala jergilikli milliy avtorlardıń shıǵarmaları

menen bayıtıwda onıń xızmetleri oǵada ullı. Respublikamızda bilimlendiriw tarawında milliy kadrlar tayarlawdaǵı xızmeti ılayıqlı bahalanıp, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikaları Joqarı Keńesi Prezidiumınıń húrmet jarlıqları menen sıylıqlanǵan. 1926 - jıldıń yanvar ayında Z.F.Qasımov qaraqalpaq teatr saxnasında tuńǵısh mártebe jergilikli dramaturg Qasım Áwezovtıń qálemine tiyisli "Tilek jolında" atamasındaǵı pyesasınıń dáslepki qısqasha variantın saxnalastıradı hám spektakl xalıq arasında úlken tabısqa iye boladı. 1925-1929-jılları Q.Áwezov Qaraqalpaqstan oblastlıq atqarıw komitetiniń baslıǵı, 1929-1930- jılları Qazaqstan Oraylıq Atqarıw Komiteti baslıǵınıń birinshi orınbasarı bolıp isleydi. 1931-jılı onı Qaraqalpaqstannıń Moskvadaǵı turaqlı wákili etip tayınlaydı hám 1932-jıldan baslap Q.Áwezov Qaraqalpaqstan Xalıq Komissarlar Keńesin basqaradı. Qaraqalpaqstan oblastlıq Atqarıw komiteti 1926-jılı 11-aprelde "Qaraqalpaq milliy drama truppasın dúziw haqqında" arnawlı qarar qabıl etedi. Qaraqalpaq milliy teatrınıń tariyxında bul qarar eń dáslepki rásmiy hújjet bolıp esaplanadı, "Tań nurı" Qaraqalpaq milliy teatr truppası degen atama berilip oǵan may ayınan baslap Z.F.Kasımov kórkemlik basshısı etip tayınlanadı. 1926-jıldıń 8-noyabrinde Qasım Áwezovtıń "Tilek jolında" atlı tórt kartinalı tariyxıy draması menen "Tań nurı" teatrınıń perdesi saltanatlı jaǵdayda ashıldı. Qaraqalpaq milliy teatrı tariyxınıń jılnaması áyne usı kúnnen baslandı. 1930-jılı «Tań nurı» milliy teatr truppası «Qaraqalpaq mámleketlik milliy teatrı» bolıp qayta dúziledi. Á.Ótepov teatr direktorı hám kórkemlik basshı lawazımına tastıyıqlandı. Mámleketlik teatr dárejesine ótkennen soń kórkem háweskerler arasınan talantlı jaslar tańlanıp, teatr truppası tolıqtırıladı. Olardan keleshekte joqarı húrmetli ataqqa iye bolǵan Ayımxan Qazımbetova (Shamuratova), Toxta Raxmanova, Yuldash Sharipov, Zayıt Zaripov, Anar Qurbanova, Isak Shadiev, Jiyen Masharipov hám basqa da saxna sheberleri bar edi. Mámleketlik teatr saxnasında bul dáwirde Á.Ótepovtıń kóp aktlı «Gúman» hám kishi kólemdegi «Odekolon», «Eki baslı suw qabaq», «Boyawshı wákil», «Seytmurat jalqaw», «Kolxozshı menen doktor», qazaq jazıwshısı B.Maylinniń «Taltańbaydıń tártibi», J.Aymurzaevtıń «Hákisliler», A.Begimovtıń «Bul kim?» dramaları jarıq kórdi.

Qaraqalpaq teatr ónerin rawajlandırǵan dóretiwshiler Tóresh Allanazarov, Yuldash Mamutov, Yuldash Sharipov, Ayımxan Shamuratova, Reyimbay Seytov, Gúlxan Shirazieva, Arzıgúl Atamuratova, Sulıw Allamuratova hám jánede basqa teatr dóretiwshilerin, aktyor hám aktrisalardı ayrıqsha atap ótsek boladı. Sonıń menen birge, XX ásirdiń II yarımında qaraqalpaq kórkem ónerinde kóplegen jetiskenlikler payda bola basladı. Sol dáwirde qaraqalpaq draması hám muzıkalı draması hár tárepleme rawajlanıp hám usı tarawdıń repertuarları keńeyip bara basladı. Milliy dramaturgiyamız rawajlandı. S.Xojaniyazov, P.Tilegenov, T.Seytjanov, T.Jumamuratovlar pesaları repertuardan keń orın aldı. «Súymegenge súykenbe», «Aygúl-Abat», «Berdaq», «Ǵarip-Ashıq», «Rawshan» pyesaları saxnaǵa qoyılıp xalıqqa inám etildi. Bul saxnalastırılǵan shıǵarmalar sol dáwirdegi muzıkalı drama janrınıń eń joqarı shıńı bolıp tán alındı. A.Xalimov hám J.Shamuratov tárepinen dórelgen J.Aymurzaevtıń «Aygúl-Abat» muzıkalı draması teatrdıń eń sátli shıqqan spektakllериniń biri boldı. Pyesada ájayıp kórinisler orın alıp, onda kúshli xarakterdegi realistlik principler súwretlengen. Bul shıǵarmalarda kompozitorlar kóplegen xalıq namalarınan kerekli jerinde sheberlik penen paydalanıwda professionallıq penen jantasqan. Bul shıǵarmalarda kompozitor qaraqalpaq xalıq namaların jańa kórinislerde ráńbáreń boyawlardı úlken sheberlik penen paydalana bilgen. Onda xalıq terme-tolǵawları, salt jırları sıyaqlı dástúr óneri saxnalıq jaqtan beyimlestirilip, baqsı-jırawlardıń sóz benen taqmaqlap bayan etiw usılları, yaǵnıy rechitativlik ayırmashılıqları orkestrge tapqırlıq penen ıqshamlastırıldı. Nájimatdin Ańsatbaev 1960-jılı Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrǵa ápiwayı jumısshı bolıp kiredi. 1961-jıl Tashkent mámleketlik teatr hám súwretshilik institutına muzıkalı drama aktyorı fakultetine oqıwǵa kiredi. 1966-jılı oqıwdı pitirip Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrına aktyor bolıp kiredi. Teatrǵa kelgennen soń ol Q.Ábdireymovtıń assistenti boladı hám bul jerde onıń rejissyorlıqqa uqıbı bar ekenligin sezip, N.Ańsatbaevtı 1973-jılı Moskva qalasınıń kishi teatrına 2 jıl tájiriybesin asırıwǵa jiberiledi. 1975-jıl N.Ańsatbaev jáne teatrǵa kelip rejissyor, aktyor bolıp jumısın dawam etedi. 1978-jılı S.Xojaniyazov atındaǵı jas tamashagóyler teatrı ashılıp, oǵan N.Ańsatbaevtı bas rejissyor etip tayınlaydı. Teatrdıń birinshi perdesin K.Raxmanovtıń «Keshikken báhár» draması menen ashadı. Jaslar teatrında bir qatar qızıqlı shıǵarmalar qoyıladı. Olardan «Jalańash karol», «Ókinish», «Oyınnan oymaq» sıyaqlı spektakllerdi saxnalastırıp jaslarǵa usınadı. 1979-jıl jáne de Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrına bas rejissyorı bolıp jumısın dawam etedi. Ol rejissyor sıpatında

S.Xojaniyazovtıń «Súymegenge súykenbe», T.Jumamuratovtıń «Tiklengen tuw», T.Seyt-janovtıń, «Meni sudlańlar», K.Raxmanovtıń «Jaralanǵan júrekler», «Urını qaraqshı urdı», «Jetinshi papam», U.Abduraxmanovtıń «Ójetler», M.Karimniń «Ay tutılǵan túnde», A.Abdullinninń «On úshinshi rais», B.Jakievtıń «Ata táǵdiri», C.Axmadtıń «Kelinler qozǵalanı», A.Qahhardıń «Tabıttan shıqqan dawıs», U.Umarbekovtıń «Óz arzasına kóre», S.Balǵabaevtıń «Eń sulıw kelinshek» hám basqa da spektakllerdi saxnalastırıp, xalıqlar arasındaǵı doslıqtı bekkemlewge óz úlesin qostı. 1984-1990-jılları sol teatrdıń direktorı hám bas rejissyorlıq eki lawazımdı alıp baradı. 1990-1995-jılları aralıǵında ol jas tamashagóyler teatrına qaytıp, kórkemlik jaqtan basshısı bolıp isleydi. 1995-2001-jılları Berdaq atındaǵı Nókis mámleketlik muzıkalı drama teatrına barıp teatr rejissyor postanovshigi hám de sol teatrda keyingi jılları direktorlıq lawazımın, teatr rejissyorlıq lawazımın dawam ettiredi. Sol dáwirde A.Oripovtıń «Saxıpqıran», Berdaqtıń «Ádalatqa qıyanet», N.Dáwqaraevtıń «Alpamıs» spektakllerin aytıp ótiw orınlı.

1999-jılı B.Muqaynnıń «Turmıstan toyǵan tún» shıǵarmasın ózbek milliy Akademiyalıq teatrında saxnalastırıp, Tashkentli tamasha-góylerge usındı. Spektakl teatr qánigeleri hám tamashagóyler tárepinen joqarı baha aldı. 2009-jılı Kair qalasında ótkerilgen XXI xalıq aralıq eksperimental teatrlar festivalında «Eń sulıw kelinshek» spektakli menen qatnastı. 2011-jıl Tashkent qalasında ótkerilgen «Seni kuylaymiz zamondash» Ózbekstan Respublikası teatrlarınıń kórik tańlawına P.Aytmuratovtıń «Umtılǵanǵa tóle yar», 2013-jılı Q.Narqabıldıń “Nur sayada qalmaydı” spektaklleri menen qatnasıp tama-shagóy hám qánigelerdiń unamlı pikirlerine eristi. 2015-jıldan baslap ol Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialında ustazlıq etip jaslarǵa tálim berip kelmekte.

Onıń bul miynetlerin húkimetimiz bahalap, oǵan 1969-jılı Qaraqalpaqstan Respub-likasında xızmet kórsetken artist, 1974-jılı Ózbekstan Respublikası xalıq artisti, 1980-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik sılıqtıń laureatı, 2000-jılı «Mehnat shuhrati» hám 2009-jılı «El yurt hurmati» kókirek nıshanı menen sılıqlandı.

Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikke eris-kennen keyin barlıq tarawlardaǵı júz berip atırǵan ózgerisler sıyaqlı, respublika teatrları da jańa rawajlanıw jolına óte basladı.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jılında teatrımızǵa ullı sóz zergeri, klassikalıq ádebiyatımız bayteregi Berdaqtıń ismi berildi. Kórkem ónerdi, sonıń ishinde teatrlar jumısların bunnan bılay da rawajlandırıw boyınsha Prezident Pármanları hám Húkimet qararları qabıllandı.

1998-jılı 26-marttaǵı 1980-sanlı «Óz-bekstan Respublikasında teatr kórkem ónerin rawaj-landırıw haqqında»ǵı, 2017-jıl 31-maydaǵı «Má-deniyat hám kórkem óner tarawın jáne de rawajlandırıw hám jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı Prezident Pármanları, 2017-jıl 3-avgust kúni mámleketimiz Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń Ózbekstan dóretiwshi-zıyalılar wákilleri menen ushırasıwda shıǵıp sóylegen sózi hám ushı-rasıwdan keyingi dáwirde dóretiwshi zıyalılarǵa, teatrlarǵa kórsetilip atırǵan ǵamxorlıqların ayrıqsha atap ótiw orınlı.

Birinshi milliy operamız «Ájiniyaz» (2014-jıl, rejissyor N.Ańsatbaev) hám birinshi baletimiz «Ayjamal» (2017-jıl, baletmeyster A.Sharipov) qayta saxnalastırılıp, xalqımızǵa inam etildi. Klassik shayırımız Berdaq Qarǵabay ulınıń 190 jıllıq yubileyi múnásibeti hám teatrdıń 90 jıllıq yubiley kesheleri aldınan dramaturg Q.Mát-muratovtıń «Berdaq» (rejissyor B.Utebaev) shı-ǵarması jańadan saxnalastırıldı.

Bul jılları milliy opera hám baletlerimiz kóbeyip bardı. N.Muxammeddinovtıń «Ájiniyaz» operası menen «Ayjamal» baletinen soń, aradan biraz jıl ótip Q.Zaretdinovtıń «Tumaris» operası, «Qırıq qız» baleti saxnalastırılıp qaraqalpaq kórkem ónerinde úlken jańalıq boldı. 2019 jılı N.Muxammeddinovtıń jáne bir operası «Gú-layım» (libretto avtorı G.Matyakubova) premerası ótkerildi.

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı jámááti xalqımızdıń kewillerinen shıǵatuǵın, búgingi kún talabına juwap beretuǵın spektakllerdi saxnalastırıp kelmekte.

## Ádebiyatlar

1. A.Nadırova Qaraqalpaq muzıka tariyxı. «Sano-standart» Tashkent 2018
2. Adambaeva T. Qaraqalpaq sovet muzıkasınıń tariyxı. Nókis «Qaraqalpaqstan» 1985. 80-81 betler
3. Allamuratov A. «Qaraqalpaq iskusstvosı tariyxınan». Nókis «Bilim» 1978.
4. Allamuratov A. «Mańgi miyras». Nókis «Bilim» 1993.
5. Nızamov B. «Qaraqalpaqlar». Nókis «Bilim» 2020.

**REZYUME.** Maqolada Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat akademik musiqali teatr tariyxi haqida malumot, milliy qadriyatlaridan, fol’klor an’analari Qoraqalpoq teatrining yilnomasi keng yoritilgan.

Mustaqillik yillarida erishilgan yutuqlar, qolaversa, zamonaviy mavzular, oʻtmishimizni aks ettiruvchi asarlar yoritilib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье широко освещены сведения об истории Каракалпакского государственного академического музыкального театра имени Бердаха, его национальных ценностях, фольклорных традициях и летописи Каракалпакского театра. Освещены достижения, достигнутые за годы независимости, а также современные темы и произведения, отражающие наше прошлое.

**SUMMARY.** The article widely covers information about the history of the Karakalpak State Academic Musical Theater named after Berdak, its national values, folklore traditions and the chronicle of the Karakalpak theater. The achievements achieved during the years of independence are covered, as well as contemporary themes and works reflecting our past.

## ALOQA VOSITASI SIFATIDA TELEVIDENIE VA RADIO DASTURLARI

**Qdirbaev Islambek Qutlibaevich** - *oʻqituvchi*
*Oʻzbekiston davlat san'at madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch soʻzlar:** televideniye, radio, rejissyor, intonatsiya.
**Ключевые слова:** телевидение, радио, режиссура, интонация.
**Key words**: television, radio, rejissyor, intonatsiya.

Ovoz paychalarining tebranishida ular orasidan oʻtuvchi havo oqimi ham harakatlanib, tovush hosil qiladi. Bunday tovush sekundiga ma'lum miqdordagi tebranishlarga ega boʻlgan havo zarbalari yoki qisqa impulslar ketma-ketligidan boshqa narsa emas. Har bir bunday impuls, burun boʻshligʻida joylashgan havoning tebranishini keltirib chiqaradi. Tilning, jagʻning, lablarning, yonoqlarning turli pozitsiyalaridan foydalanib, siz turli xil tovushlarni yaratishingiz mumkin va shu bilan ma'lum rezonans chastotalarni hosil qilishingiz mumkin. Shunday qilib akustik (tovushli) signal paydo boʻladi.

Akustik signal spektrining shakli va tarkibi doimiy ravishda oʻzgarib turadi. Spektrlar yuqori va past chastotali, diskret, uzluksiz, uzluksiz va intervalgacha boʻlinadi.

Ovoz yordamida estetik ma'lumotlar havoga uzatiladi, bu xabarni toʻgʻri idrok etish uchun hal qiluvchi ahamiyatga ega emas. Semantik ma'lumotlar alohida rol oʻynaydi, bu bayonotning ma'nosini tushunishda hal qiluvchi ahamiyatga ega.

Zamonaviy tilshunoslar "nutq" va "til" kabi tushunchalarni ajratadilar. Nutq - murakkab akustik signalni ishlab chiqarish va qabul qilish jarayoni boʻlib, u orqali bir shaxsning (adresatning) fikri boshqa (adresat) tomonidan uzatilishi va tushunilishi mumkin. Insonning nutqi, birinchi navbatda, uning fikr va his-tuygʻularini aks ettiradi.

Til insoniy muloqotning eng muhim vositasi, "vositasi fikr va his-tuygʻularni shakllantirish va ifodalash, yangi ma'lumotlarni, yangi bilimlarni oʻzlashtirish vositasi. Nafaqat nima deyishimiz, balki uni qanday aytishimiz ham muhim, chunki notoʻgʻri qoʻllangan soʻz yoki uning buzilgan shakli, ayniqsa, efirda nutq madaniyatiga ta'sir qiladi. Yaratilgan televideniye va radio asarlar hamisha ma'lum bir uslubga mos kelishi kerak. (ilmiy, publitsistik, badiiy va boshqalar) dastur janriga qarab.

Ovoz rejissyori ba'zida nutq yozuvlarini translyatsiyaga tayyorlashda juda koʻp xatolarni tuzatishi kerak. Albatta, buning uchun uning oʻzi malakali tahrirlash qobiliyatiga ega boʻlishi kerak.

Televideniye va radio dasturlari matnlarini tahrirlash xususiyatlari haqida gapirishdan oldin biz nutq va ogʻizaki muloqotni tavsiflovchi keng lingvistik tushunchalarni koʻrib chiqamiz.

Intonatsion-semantik va semantik-sintaktik xususiyatlariga koʻra nutqni quyidagicha tasniflash mumkin:

- qisqa (qisqa);
- kengaytirilgan (davriy);
- aralash (qisqa nutqdan davriy nutqqa va aksincha) oʻtish bosqichini ifodalaydi.

Diktor yoki boshlovchining televidenie va radiodagi nutqiga juda jiddiy yondashish kerak. Ekrandagi har qanday ma'ruzachi doimo u yoki bu tarzda tinglayotganlarning ongi va xatti-harakatlariga ta'sir koʻrsatishga intiladi. U ularni ishontirishga yoki koʻndirishga yoki hayratga solishga yoki qoʻrqitishga va hokazo. Bundan tashqari, erishilgan natijalar diktor yoki taqdimotchining niyatlariga kiritilishi mumkin yoki ular kiritilmasligi mumkin, lekin oʻz-oʻzidan paydo boʻladi. Eshittirish mahorati ma'ru-zachining niyatlari erishilgan natijalar bilan mos kelishini ta'minlashdan iborat.

Til va nutqning ajralmas qismi soʻzdir. Radio va televidenieda soʻzlarning boshqa til